

# Tretman ak Patnè ki Rapid: Gonore

## Yon Gid pou Patnè yo

### Poukisa m ap pran medikaman sa a?

- Patnè ou a ap trete pou gonore. **Gonore** se yon EST (enfeksyon seksyèlman transmisib) ou ka pran nan fè sèks nan bouch, nan dèyè, oswa nan vajen.
- Yon founisè medikal te bay patnè ou a medikaman pou l ba ou pou ou trete pou gonore. Ou ka gen gonore menmsi ou pa gen okenn sentòm. Si ou pa gen gonore, medikaman sa a pa pral fè anyen. Medikaman sa a se pou anpeche ou vin gen pwoblèm sante ki grav oswa pou ou pa transmèt enfeksyon an bay lòt moun. Yo rele sa **Tretman ak Patnè ki Rapid (Expedited Partner Therapy, EPT)**.
- **EPT** se yon fason pou ou trete fasil, rapid epi an prive. Medikaman an san danje epi li efikas lè yo itilize l fason ki kòrèk la.

### Poukisa mwen ta dwe pran medikaman sa a?

- Si li pa trete, gonore a ka lakoz vin gen pwoblèm sante ki grav.

### Pwoblèm sante grav ki ka rive:

#### Lakay Fanm:

- **Maladi Enflamatwa nan Basen** - ka lakòz doulè epi afekte ògàn repwodiktif yo.
- **Gwosès ektopik** - yon gwosès nan twonp falop yo.
- **Esterilite** - pa kapab fè pitit.

#### Lakay Gason:

- yon maladi ki fè gen doulè nan tib ki konekte ak boul grenn yo ki ka, nan ka ki ra, mennen nan enfètilite.

### Ki medikaman sa a?

- Medikaman ki trete gonore se **Suprax** (cefixime). Se yon konprime **antibiyotik** (medikaman ki ede nan konbat enfeksyon).
- Medikaman sa a pral elimine gonore, men **li pa pral trete lòt EST yo**.
- Ou pa ta dwe pran medikaman sa a si ou fè alèji ak **Suprax**, oswa si ou gen pwoblèm sante ki grav. Pale ak yon founisè medikal san pèdi tan pou ou konn ki tretman k ap pi bon pou ou.
- Si ou gen nenpòt siy enfeksyon ki pi grav, chèche jwenn swen medikal san pèdi tan. Siy yo gen ladan doulè nan vant oswa nan basen, oswa nan boul grenn yo, lafyè, kèplen, oswa vomisman.

## Ki jan mwen ta dwe pran medikaman sa a?

- Pran tout konprime ou yo jan yo mande ou fè a. Li enpòtan pou ou fin pran tout konprime ou yo

## Si ou panse ou ka gen yon lòt EST, vizite yon klinik CHN pou ou fè tèl la.

### Aprè mwen fin pran medikaman sa a, kisa mwen ta dwe fè?

- **Pa fè sèks (nan vajen, nan bouch, oswa nan dèyè) pandan 7 jou apre ou menm ak tout patnè ou yo fin fè tretman an.** Sa ap pran yon semèn okonplè pou medikaman an fè efè.
- **Pran tout konprime ou yo.** Tann 7 jou pou ou fè sèks apre ou fin pran dènye konprime ou an.
- Pa pataje medikaman pou gonore a ak okenn moun.
- Ou ta dwe fè tèl ankò nan anviwon 3 mwa apre tretman ou an, menm si patnè ou a te trete.

### Èske gen efè segondè?

- Anjeneral non, men ka gen efè segondè.

<b>Efè segondè ki ka rive souvan:</b>	<b>Efè segondè ki grav yo ra, men yo ka rive:</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Dyare</li><li>• Kèplen</li><li>• Vant fè mal</li><li>• Tèt fè mal</li><li>• Vomisman</li></ul>	<p>Gen kèk moun ki ka gen reyaksyon alèjik ak medikaman an. Reyaksyon sa yo ka lakòz:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Difikilte pou respire</li><li>• Pwatin sere</li><li>• Gòj fèmen</li><li>• Anfleman nan lèy oswa nan lang</li><li>• Itikè (bouton ki grate sou po)</li></ul>

**Si ou gen nenpòt nan efè segondè ki grav yo apre ou fin pran medikaman sa a, rele 911 oswa ale nan sal ijans la san pèdi tan.**